



## Prime Time Palm Beach County Otorizasyon pou Pibliye Foto ak Videyo epi Akseptasyon pou Pa Pran Okenn Aksyon

Prime Time Palm Beach County, Inc. se yon òganizasyon ki sipòte pwogram kan pandan ete yo avèk aktivite pou timoun yo apre lekòl, pou yo amelyore kalite pwogram sa yo. Kidonk, nou planifye pou nou pran foto pitit ou oswa fè videyo li, oswa fè toulède, pou nou itilize sitou nan materyèl nou pibliye yo ki gen rapò ak Prime Time Palm Beach County. Tout foto ak videyo yo pral montre timoun kap patisipe nan aktivite nòmal ki fèt apre lekòl oswa kap patisipe nan aktivite pwogram ki fèt pandan ete a. Si figi yon timoun ki minè parèt klèman epi si yo ka rekonèt li nan yon foto ke nap panse pou nou pibliye, se pou nou jwenn pèmasyon paran timoun lan, responsab legal timoun lan oswa pwogram apre lekòl la, anvan menm nou pibliye foto a. Se poutèt sa, Prime Time ap mande pèmasyon ou pou bagay sa yo:

Nan dokiman sila a mwen bay Prime Time Palm Beach County, Inc, pèmasyon pou li itilize foto pitit mwen oswa timoun kap patisipe nan pwogram apre lekòl la, sou sitwèb li, sou postè, nan ekspozisyon, oswa nan lòt materyèl yo pibliye sou papyè oswa sou fòm elektwonik (tankou videyo, CD, bilten, bwochi, elatriye) san okenn lòt konsiderasyon, epi mwen rekonèt Prime Time gen dwa pou l ranje oswa sèvi ak foto a jan li vle. Mwen rekonèt tou ke Prime Time ka chwazi pou l pa itilize foto sa yo nan moman sa a, men li ka deside pou l itilize yo yon lòt lè apre, si l ta vle.

Nan dokiman sila a mwen aksepte pou mwen pa fè enspeksyon ni pou mwen pa bay otorizasyon pou foto oswa atik elektwonik yo ka itilize avèk foto yo kounye a epi nan lavni, kit mwen konnen pou ki rezon yo pral itilize yo kit mwen pa konnen pouki rezon yo pral itilize yo. Mwen aksepte pou mwen pa mande pou yo peye mwen okenn lajan redevans epitou mwen aksepte pou mwen pa mande pou okenn lòt konpansasyon ki ta ka genyen akòz yo itilize foto sa yo oswa ki ka gen rapò ak foto sa yo.

Mwen konprann tou ke depi yo pibliye yon imaj oswa depi yo mete li sou sitwèb Prime Time lan, nenpòt moun kapab transfere imaj la nan kèlkeswa konpitè a depi li gen entènèt sou li. Mwen konprann ke Prime Time pa kapab kontwòle moun ki itilize foto ak videyo sa yo ke li pa otorize. Poutèt sa, nan dokiman sila a, mwen aksepte pou m libere epi pou mwen pa kenbe anplwaye, volontè, kontraktè, oswa èd Prime Time yo responsab, nan non Prime Time poutèt nenpòt reklamasyon, domaj, oswa responsabilite ki rive akòz e ki gen rapò ak lefèt moun itilize foto oswa videyo yo, ki gen ladan tou, reyitilizasyon, defòmasyon, fè imaj yo twoub, fè chanjman, ilizyon vizyèl oswa itilizasyon nan fòm konpoze, ak plizyè lòt bagay toujou nou pa site la a, ke yo ta fè pa ekspres oswa ke yo pa ta fè pa ekspres, ki ka rive oswa ki ka pwodwi ann asosyasyon ak pwodwi fini a.

Prime Time gen dwa pou l sispann itilize foto yo san avètisman.

Non timoun lan: \_\_\_\_\_

Siyati paran oswa responsab legal la: \_\_\_\_\_

Non paran an oswa responsab legal la (tanpri ekri non an avèk lèt detache) \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

**[FOOTER]** The Children's Council of Palm Beach County ap bay yon gwo finansman pou tout operasyon Prime Time yo. The Palm Beach County Youth Services Department ap bay sipò nan lekòl mwayen Prime Time yo pou inisyativ tan apre lekòl.



The Children's Services Council of Palm Beach County provides significant funding for Prime Time's overall operations. The Palm Beach County Youth Services Department provides support for Prime Time's Middle School Out-of-School Time Initiative.

